# SOVET HÁKIMIYATINIŃ DINGE QARATILǴAN SIYASATI HÁM ONIŃ QARAQALPAQSTANDAǴI KÓRINISI (1917-1918-JILLARDAǴI DEKRETLER MISALINDA)

**Zinatdinov N. K.**

*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

Mıń jıllar dawamında Islam dini elimizdiń tek ǵana ruwxıy-aǵartıwshılıq turmısında ǵana emes, al social-ekonomikalıq turmısında da áhmiyetli orın iyelep kelgen. Biraq XIX ásirdiń ortaları hám ekinshi yarımında Rossiya imperiyası tárepinen Orta Aziya, sonıń ishinde, Qaraqalpaqstan aymaqları basıp alınıwı nátiyjesinde jergilikli sociallıq-ekonomikalıq turmısqa, sonıń menen bir qatarda, diniy institutlar hám waqım múlkleriniń erkinligine de sezilerli unamsız tásir kórsete basladı. XX ásir baslarında Rossiyada júz bergen siyasiy ózgerisler nátiyjesinde hákimiyat basına kelgen Sovet húkimeti jámiyet turmısınıń barlıq tarawların, sonday-aq, din máselesin de túp-tiykarınan qayta kórip shıqtı. Marksizm-leninizm ideologiyasına tiykarlanǵan jańa dúzim dindi jámiyetlik sananıń forması sıpatında sınǵa aldı hám onı "eskiliktiń qaldıǵı" dep bahaladı. Sol sebepli diniy shólkemlerdiń jumısı mámleket tárepinen qatań qadaǵalaw astına alındı hám sheklep qoyıldı.

Dáslep Waqıtsha húkimet tárepinen 1917-jıldıń 14-iyulinde "Hújdan erkinligi haqqında"ǵı nızam qabıl etildi. Bul nızamda puqaralardıń qálegen dindi tańlaw erkinligi, diniy keńpeyillik, barlıq diniy ibadatlardı hesh qanday tosqınlıqlarsız orınlaw imkaniyatı principleri belgilengen edi. Biraq nızamda tiykarınan tek puqaralardıń diniy isenimdi tańlaw huqıqı bekkemlengen edi, ateist bolıw, diniy kózqaraslarǵa qarsı úgit-násiyat júrgiziw sıyaqlı huqıqlar derlik tilge alınbaǵan edi [1;17]. Keńes húkimeti ornaǵannan keyin, óziniń dáslepki jıllarında-aq din hám diniy institutlarǵa qarata quramalı hám basqıshpa-basqısh qáliplesken siyasat alıp bardı. Bunı húkimettiń qabıl etken dekretlerinende ańlap jetemiz. Atap aytqanda, 1917-jıl 26-oktyabrde bolıp ótken II Pútkilrossiya Sovetler syezdi V.I.Lenin tárepinen islep shiǵilǵan "Jer haqqında"ǵı dekretti qabıl etti. Usı dekretke kóre, jerge bolǵan jeke menshik múlkshilik huqıqı pútkilley biykar etildi. Jer endi satılıwı, satıp alınıwı, ijaraǵa beriliwi yamasa girewge qoyılıwı múmkin emes ekenligi belgilendi. Dekretke muwapıq, mámleket jerleri, monastır hám shirkew (biziń sharayatımızda meshitler) jerleri, jeke menshik jer iyeleri jáne basqa túrdegi jerler hesh qanday tólemsiz konfiskaciya etilip, "ulıwma xalıq múlki" dep daǵazalandı hám onda miynet etip atırǵan xalıqtıń paydalanıwına berildi. Sonıń menen birge, tábiyǵıy baylıqlar - neft, kómir, ruda, toǵaylar, suw resursları da xalıq múlki sıpatında tán alındı.

"Jer haqqında"ǵı dekretke muwapıq, diyqanlar aldın pomeshikler, burjuaziya, patsha shańaraǵı, monastırlar hám shirkewge tiyisli bolǵan 150 million desyatinadan artıq jer maydanın aldı. Diyqanlar jer ushın tólenetuǵın ijara haqısınan da tolıq azat etildi. Bul ijara tólemi muǵdarı 500 million rubldi (altın esabında) quraǵan edi. Dekret mámleket aldına iri mámleketke qaraslı socialistlik xojalıqlardı shólkemlestiriw, sonday-aq, awıl xojalıǵı artellari, jerge birgelikte islew beriw boyınsha shirketler hám basqa da jámáátlik xojalıq túrlerin jaratıwǵa hár tárepleme kómeklesiw sıyaqlı áhmiyetli wazıypalardı qoydı. Leninniń "Jer haqqında"ǵı dekretin ámelge asırıw maqsetinde Túrkstan Xalıq Komissarlar Soveti 1917-jılı 8-dekabrde arnawlı qarar qabıl etip, jer satıp alıw hám satıw menen baylanıslı barlıq pitimlerdi qadaǵan etti [2;118]. 1918-jıl 27-aprelde RSFSR Joqarı xalıq xojalıǵı keńesi (VSNX) janındaǵı Mámleketlik qurılmalar komitetinde Túrkstanda suwǵarıw sistemasın qurıw máselesi boyınsha jıynalıs bolıp ótti. Májilis usı másele boyınsha RSFSR Xalıq Komissarları Sovetine (Sovnarkom) tiyisli usınıslar kirgiziw haqqında qarar qabıl etti. 1918-jıl 17-mayda bolsa V.I.Lenin Sovnarkomnıń "Túrkstanda suwǵarıw islerine 50 million rubl ajıratıw hám bul jumıslardı shólkemlestiriw haqqında"ǵı dekretine qol qoydı. Sovnarkom qararları tiykarında Ámiwdárya bóliminde jumısshı, ásker hám diyqan deputatları sovetleri eski jer shólkemlerin saplastırıp, volost sovetleri janında jer komitetlerin shólkemlestirdi. Bul komitetler miynet etpeytuǵin xojalıqlardıń jer maydanları, awıl xojalıǵı imaratları, ónimleri, materialları, tiri hám jansız inventarı hám basqa da múlklerin esapqa alıw hám konfiskaciyalaw menen shuǵıllandı.

Jergilikli sovetler jer, suw hám toǵaylardı nacionalizaciya etiw haqqında qararlar shıǵardı. Shabbaz, Baday, Nazarxan, Nókis hám Dawqara aymaqlarındaǵı toǵay baylıqları milliylestirildi. Sonday-aq, Ámiwdárya bólimleriniń burıngı baslıǵı hám jer inspektorınıń qaramaǵındaǵı Shoraxan uchastkasındaǵı 45 desyatinadan artıq ónimdarlı jerler, "Kóshpeliler" basqarmasınıń jer fondı, eki qalalıq baǵ hám basqa da múlkler mámleket qaramaǵına ótkerildi. Ayırım milliylestirilgen jer maydanlarında (máselen, Kelteminar hám Aq Qamıs aymaqlarında) tájriybe maydanları shólkemlestirildi. Basqa jerlerde bolsa awıl artelleri - jámáát xojalıqlarınıń dáslepki formaları júzege keldi. Jer menen birge suw da miynetkesh diyqanlarǵa paydalanıw ushın berildi. Magistral kanallar hám suwǵarıw qurılmaları sovet mámleketiniń múlkine aylandı [2;120]. Haqıyqatında da, dáslepki jılları húkimet din máselesinde birden repressiv ilajlardı qollanbaǵan bolsa da, húkimet tárepinen qabıl etilgen dinge baylanıslı siyasattı belgilewshi hújjetler qatarında dinge qaratılǵan jáne bir dekretlerden biri – "Sherkewdi mámleketten hám mektepti shirkewden ajıratıw haqqında"ǵı dekret dáslepki hújjetlerden biri boldı. Bul dekret arqalı dinniń mámleket basqarıwındaǵı ornı rásmiy túrde biykar etildi, mekteplerde diniy bilim beriw qadaǵan etildi hám diniy shólkemler yuridikalıq statusınan ayırıldı. Nátiyjede shirkew hám basqa diniy mákemelerdiń múlki mámleket qaramaǵına ótkerildi.

Bul hújjet sırtqı kórinisinde hújdan erkinligin járiyalaǵan bolsa da, ámelde ol diniy institutlardıń sociallıq, ekonomikalıq hám huqıqıy tiykarların ázzilestirdi. Yaǵnıy onda shaxstıń isenim erkinligi principial tárepten tán alınǵan bolsa da, diniy shólkemlerdiń institucionallıq jumısı keskin sheklep qoyıldı. Diniy mákemelerdiń múlki mámleket qaramaǵına ótkerildi hám ekonomikalıq ǵárezsizligi biykar etildi. Bunnan tısqarı, diniy bilimlendiriw siteması mámleket qadaǵalawına alınıp, kóplegen diniy mektep hám medreseler jabılıwına sebepshi boldı. Nátiyjede diniy institutlar tek materiallıq bazasınan ǵana emes, al sociallıq tásir etiw mexanizmlerinen de ayırıldı. Durıs, medreselerdiń jabılıwı, diniy ulamalardıń repressiya etiliwi hám olardıń múlkleriniń konfiskaciyası 1929-1930-jillarda massalıq túrde júz berdi. Biraq,

áyne usı dekret diniy institutlardıń huqıqıy statusın izden shıǵarıp, olardıń ekonomikalıq tiykarın jemiriw ushın tiykar jaratqan edi. Dekret qabıl etilgen dáslepki jıllarda ámeliy repressiyalar dárhal baslanbaǵan bolsa da, ol mámlekettegi diniy institutlar iskerligin áste-aqırın sheklew hám olardı finanslıq jaqtan hálsiretiwge jol ashtı.

1918-jılı 20-yanvarda RSFSR Xalıq Komissarlar Sovetiniń "Shirkewdi mámleketten hám mektepti shirkewden ajıratıw haqqında"ǵı dekreti qabıl etiledi. Ol 23-yanvarda "Jumisshi hám diyqanlar húkimetiniń gazetası"nıń 15-sanında basıp shıǵarıladı. Bul dekret 13 bántten ibarat edi [3;49].

Bul dekrettiń derlik barlıq bántleri diniy shólkemler iskerligine, sonıń ishinde ulamalardıń sociallıq hám mádeniy turmıstaǵı ornına unamsız tásir kórsetti. Atap aytqanda, dekrettiń birinshi bántinde shirkewdiń (biziń shárayatımızda meshitler) mámleketten ajıratılıwı belgilep qoyılıp, diniy shólkemler mámleket sistemasınan ajıratıldı. Bul jaǵday natiyjesinde ulamalardıń mámleket islerinde qatnasıwına sheklew qoyılıp, olardı rásmiy qorǵaw hám finanslıq qollap-quwatlawdan ayırıp qoydı. Sonıń menen birge, úshinshi bántke muwapıq hár bir puqaraǵa qálegen dinin erkin tańlaw yamasa dinge isenbew huqıqı berildi, bul bolsa sol dáwir kózqarasınan ulamalardıń jámiyettegi ruwxıy jetekshilik statusın tómenletiwge alıp keldi. Besinshi bántte bolsa diniy máresimler tek ǵana jámiyetlik tártip buzılmastan ámelge asırılıwı múmkin ekenligi atap ótildi. Bul bolsa diniy xızmet ústinen mámleket qadaǵalawın kúsheytiwge xızmet etti. Sonday-aq, toǵızınshı bántte mektepler shirkewden ajıratılıp, ulıwma bilim beriw pánleri oqıtılatuǵın mámleketlik, jámiyetlik hám jeke menshik bilimlendiriw mákemelerinde diniy bilim beriw qadaǵan etiliwi kózde tutılǵan edi. Bul bolsa medrese sıyaqlı dástúriy islam bilimlendiriw mákemelerine unamsız tásir kórsetti. Onınshı hám on birinshi bántlerde diniy mákemelerdiń finanslıq jaǵdayına unamsız tásir kórsetti. Sebebi bul waqım múlklerine baylanıslı edi. On ekinshi hám on úshinshi bántlerde bolsa diniy shólkemlerdiń (meshit hám medreselerdiń) múlkke iyelik etiw huqıqın biykarlaw názerde tutılǵan. Nátiyjede olar óz wazıypaların orınlawda da, finanslıq jaqtan da úlken qıyınshılıqlarǵa dus keldi.

Dekretti engiziw tártibi haqqında RSFSR Ádillik xalıq komissarlıǵı tárepinen 24-avgustta 685-sanlı qarar qabıl etiledi. Bul qarar shirkew hám diniy jámiyetler haqqında, diniy máresimlerdi orınlaw ushın arnalǵan múlkler haqqında, basqa múlkler haqqında, metrikalıq kitaplar haqqında (Tuwilǵanlıq haqqında gúwalıq), diniy máresimler hám úrp-ádetler haqqında, diniy táliymatlardı oqıtıw haqqında sıyaqlı bólimlerden ibarat bolǵan [3; 49,50].

Dekret bántlerinde berilgen talaplardı ámelge asırıwda tiyisli húkimet organları shólkemlestiriwshilik ilajların kórgen. Máselen, dekrettiń segizinshi bántinde berilgen talaplardı ámelge asırıwda NKVDtıń 179-sanlı tsirkulyarı hám birinshi Pútkil Túrkstan syezdinde bólim baslıqları, miliciya hám komxoz basshıları tárepinen bildirilgen usınıstı tastıyıqlap, diniy isenim wákillerin tsirkulyarda bayan etilgen buyrıqtı orınlamaǵanı ushın ayıpkerler jınayıy juwapkershilikke tartılatuǵını haqqında jazba túrde eskertiw beriletuǵını aytıp ótilgen [3; 55].

Professor Ya.M.Dosumovtıń pikirinshe, Sovet húkimeti dekretlerine qaramastan, Túrkstannıń rus mekteplerinde sabaqtan tısqarı waqıtlarda ilahiyat tálimin oqıtıwǵa ruqsat beriliwi, burjuaziyalıq-opportunistlik elementlerdiń tásiri hám Túrkstan úlkesi Bilimlendiriw xalıq komissariatınıń uzaqtı kóre almawshılıǵı menen túsindiriledi. Sonıń menen birge, Orta Aziya xalıqlarınıń ulıwma artta qalıwshılıǵı sebepli dekretti ele ámelge asırıwdıń múmkinshiligi bolmadı.

Orta Aziyada mektepti shirkewden ajıratıw procesi ózine tán tárizde ótti. 1918-jıl 20-noyabrde Túrkstan ASSR Bilimlendiriw xalıq komissarlıǵı "shirkewdi mámleketten, mektepti shirkewden ajıratıw haqqında"ǵı dekretti ámelge asırıwdı waqıtsha toqtatıw zárúrligin tán aladı. Sebebi musılman mekteplerin materiallıq jaqtan támiyinlew tiykarınan - waqım múlkleriniń ıqtıyarında bolıp, muǵallimler de medrese mudarrisleri edi. Qalaberdi, Túrkstan ASSRdaǵı ekonomikalıq awhal mekteplerdi mámleket qarjıları esabınan qaplaw imkaniyatın bermes edi [4; 30].

Bul dáwirde jáne bir áhmiyetli másele sıpatında Túrkstan úlkesinde jergilikli xalıqtı siyasiy hám jámiyetlik turmısqa tartıw máselesi ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan. Bul boyınsha Túrkstan bolshevikleriniń birinshi forumında "Musılman proletariatı arasında partiya jumısı haqqında"ǵı qararında úlkede islew shártleri sıpatında tómendegiler berilgen:

1. "Keń musılman massasın jańa turmıs qurıwǵa tartıw ushın jergilikli xalıqtıń tilin (respublika boylap ústinlik etedi) - túrkiy tildi rus tili menen bir qatarda mámleketlik til sıpatında hám bunnan kelip shıǵatuǵın barlıq jumısların tán alıw zárúr;

2. Barlıq wálayat, rayon hám jergilikli xalıq deputatları keńesleri janında musılmanlardıń keń massasın sovetler isine jedel tartıw ushın xalıq isleri boyınsha komissarlıqlardı dúziw;

3. Barlıq rásmiy organlardıń rus hám musılman tillerinde májbúriy baspası [5; 17,18];

1918-jılı 9-avgustta Túrkstan ASSR Oraylıq Atqarıw Komiteti mámleketlik tiller haqqında dekretti qabıl etti. Oǵan muwapıq húkimet jergilikli milletlerdiń tillerin jazba hám awızeki dárejede jaqsı biletuǵın dindarlardı sovet hám partiya islerine sekretar hám juwapker dilmash sıpatında mirát etedi. Máselen, "qızıl dilmashlar" sıpatında Tólebay Jaulıbaev (ol 1916-1920-jılları Nókis volostı atqarıw komitetiniń baslıǵı bolıp saylanǵan), Asan Aytımov (Shımbay uezdi atqarıw komitetinde islegen), Muxammedjan Baljanov (Shımbaydaǵı sovet mákemeleriniń birinshi basshılarınıń biri bolǵan) islegen. Biraq sonı atap ótiw kerek, Sovet platformasına ótken musılman ziyalıları óz ata-babalarınıń dininen waz keshpegen edi.

Juwmaqlap aytqanda, 1917-1918-jıllar xalıqtıń mádeniy turmısında islamnıń ústemligine basım siyasatınıń dáslepki basqıshı retinde táriyiplenedi. Bul dáwirde sovet hakimiyatı tárepinen qabıl etilgen dekretler arqalı din hám mámleket qatnasıqların qayta qáliplestiriwge qaratılǵan ilajlar ámelge asırıla baslandı. Sonıń menen birge, musılman shólkemleriniń jámiyetlik-siyasiy poziciyası hám islamnıń jámiyet turmısındaǵı wazıypalarında belgili dárejede ózgerisler júz berdi, sebebi ásirler dawamında qáliplesken diniy sistema pútkilley jańa ideologiyalıq hám siyasiy ortalıqqa dus kelgen edi. Solay etip, xalıqtıń turmısına jańa tásir etiw quralları kirip kele basladı. Nátiyjede túrli mádeniy-aǵartıwshılıq hám jámiyetlik-siyasiy úgit-násiyat formaları payda bolıp, olar arqalı sovet ideologiyasın jámiyet sanasına sińdiriw procesi

barǵan sayın kúsheyip bardı. Bul processler Qaraqalpaqstan aymaǵında da ózine tán tárizde júz berip, jergilikli xalıqtıń diniy hám mádeniy turmısında qarama-qarsılıqlar hám ózgerislerdi júzege keltirdi.

**ÁDEBIYATLAR**


1. Алексев В.А. Иллюзии и догмы. Москва 1991.
2. Досумов Я. М. Очерки истории Каракалпакской АССР, 1917-1927.—Ташкент: Фан, 1960.
3. QR OMA P-12, dizim-1, jumis-88.
4. Салмонов А. Ўзбекистонда совет ҳокимиятининг диний сиёсати: уйдирма ва тарих ҳақиқати (1917-1960 йиллар). Токеншт: «Tafakkur». 2015.
5. Резолюции и постановления съездов Коммунистической партии Туркестана. 1918-1924 гг. Ташкент: Узбекистан, 1968.


*Sovet hokimiyatining dinga nisbatan siyosati va uning qoraqalpogʻistondagi koʻrinishi (1917-1918-yillardagi dekretlar misolida).*

**Rezyume.** Mazkur maqolada Oktabr toʻntarishidan soʻng, 1917–1918-yillarda sovet hokimiyatining dinga nisbatan olib borgan siyosati hamda qabul qilingan dekretlar tahlil qilinadi. Unda cherkov (bizning sharoitda masjid-madraslar) va davlatni ajratish, diniy mulklarni milliylashtirish, diniy faoliyatni cheklash choralari, yer-suv masalalari yoritilib, ushbu siyosatning Qoraqalpogʻiston hududidagi oʻziga xos koʻrinishlari hamda mahalliy aholi hayotiga tasiri haqida soʻz etiladi.

**Tayanch soʻzlar:** Islom dini, ulamo, dekret, masjid, madrasa, bolsheviklar

*Политика советской власти в отношении к религии и ее проявление в каракалпакстане (на примере декретов 1917-1918 годов).*

**Резюме.** В данной статье анализируется политика советской власти в отношении религии в 1917–1918 годах после Октябрьская революция, а также принятые декреты. В ней рассматриваются меры по отделению церкви (в наших условиях мечети и медресе) от государства, национализации религиозной собственности и ограничению религиозной деятельности, а также освещаются особенности проявления данной политики на территории Каракалпакстан и её влияние на жизнь местного населения.

**Ключевые слова:** Ислам, улемы, декрет, мечеть, медресе, большевики

*The policy of the soviet government in connection with religion and its appearance in karakalpakstan (on the example of decrees of 1917–1918).*

**Summary.** This article analyzes the Soviet government’s policy toward religion in 1917–1918 following the October Revolution, as well as the adopted decrees. It examines measures such as the separation of church (in local conditions, mosques and madrasahs) from the state, nationalization of religious property, restrictions on religious activities, and land and water issues. The article also highlights the specific features of this policy in Karakalpakstan and its impact on the lives of the local population.

**Key words:** Islam, scholars, decree, mosque, madrasa, Bolsheviks